



Pou Piblikasyon Imedya: 01/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2020 LAN

*Bidjè Ane Fiskal 2020 an Lite Kont Aso Washington sou Klas Mwayèn nan - Rann Plafon Enpo Fonsye a Pèmanan, Limite Depans a 2 pousan epi Redwi Enpo pou Klas Mwayèn nan*

*Sipòte Refòm MTA a ak Sous Revni Alontèm ki Enkli Dwa Peyaj nan Distri Biznis Santral*

*Ap Finanse Pwojè Imobilizasyon k ap Kòmanse nan Egzèsis Fiskal 2020 an nan kad envèstisman San Presedan 150 Milya dola Gouvènè a pou Sipòte Pwojè Enfrastrikti nan Eta a*

*Ogmante Èd Eskolè a Plis Pase 1 Milya dola, ki Mennen Total Èd Eskolè a a 27.9 Milya dola, epi Pwomouvwa Ekite nan Domèn Edikasyon pandan n Ap Akòde Priorite ak Lekòl ki pi Pòv yo*

*Pwomilge yon Refòm Kle Jistis Kriminèl ak Eliminasyon Kesyon Kosyon an, Retablisman Pwosè Rapid yo epi Transfòme Pwosesis Dekouvèt la*

*Ranfòse Pwogram Aksyon Fanm yo pandan N ap Amelyore Aksè ak IVF ak Sèvis Konjelasyon Ze yo, Enstore Boukliye AntiVyòl pou Viktim Trafik Sèks epi Mennen Ankèt nan Inisyativ Lit Kont Mòtalite Matènèl*

*Kodifye Dispozisyon Lwa sou Swen ki Abòdab, ki Enkli Mache Asirans Sante Eta a, Anndan Lwa Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran pwen nan Bidjè Ane Fiskal 2020 lan. Bidjè a, ki konstwi sou Pwogram Jistis 2019 Gouvènè a, bay dispozisyon ki konplè pou asire jistis ekonomik ak sosyal pou tout moun, pwoteje Nouyòkè yo kont rediksyon kontini federal Washington la ak aso sou klas mwayèn nan, ogmante finansman edikasyon, refòm sistèm jistis kriminèl eta a, sipòte aktyèl angajman New York la pou yon pwogram fanm ki djanm, epi priorize envèstisman nan pwojè enfrastrikti ki enpòtan pou reponn ak bezwen 21yèm syèk Nouyòkè yo. Pou nevyèm ane konsekitif la, Bidjè a ekilibre epi li kenbe kwasans depans yo pi ba pase de pousan.

"Sa a se bidjè ki pi vas ak pi konplè nou te kapab reyalize nan eta a epi pou nevyèm ane konsekitif la li te opòten ak responsab sou kesyon fiskal", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pa la pou rezoud pwoblèm ki fasil yo - nou la pou rezoud sila ki difisil yo, sila yo ki rann ou malalalèz yo, paske se yo menm ki dwe atenn. Apati fiksasyon pèmanan plafon enpo fonsye a a refòm ak finansman Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) a pou rann sistèm jistis kriminèl nou an pi

jis a fiksasyon finansman kanpay la, bidjè sa a abòde pwoblèm esansyèl eta sa a t ap afwonte depi lontan yo. Refòm pwogresif sa yo, konbine ak rès Pwogram Jistis 2019 nou an demontre nasyon an ke li posib pou fè apèl difisil pou ale devan en depi de disfonksyonman Washington nan."

Eleman Esansyèl nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 la:

- Depans nan Finansman pou Fonksyonman Eta a se 102.1 milya dola pou nevyèm ane konsekitif la, kenbe kwasans yo a 2 pousan (Finansman pou Fonksyonman Eta a ekskli finansman Federal ak finansman kapital yo)
- Tout depans Fon yo rive 175.5 milya dola pou ane fiskal 2020 la
- Kenbe plafon 2 pousan enpo fonsye a pèmanan, ki fèt sou ekonomi anviwon 25 milya dola depi lè li te efekte nan 2012 la
- Refòm ak finansse MTA a avèk anviwon 15 milya dola ki dwe kolekte pa mwayen peyaj Distri Biznis Santral la
- Ogmante èd eskolè a avèk plis pase 1 milya dola, ki mennen èd total eskolè a a yon rekò 27.9 milya dola
- Reyalize refòm Jistis Kriminèl yo ak eliminasyon kosyon cach pou deli ak enfrazyon non-vyolan, pandan n ap garanti dwa ak yon pwosè rapid, ak transfòmasyon pwosesis dekouvèt la
- Baze sou angajman san presedan Gouvènè a pou envesti 150 milya dola nan pwojè enfrastrikti yo sou senk pwochen ane yo, ki jenere 675,000 pòs travay
- Kodifye dispozisyon Lwa Swen Abòdab la (Affordable Care Act, ACA)
- Entèdi sak plastik yon sèl itilizasyon yo
- Lanse pwogram resiklaj dechè alimantè
- Etann pwoteksyon Janus la ak tout gouvènamn lokal yo epi garanti dwa òganizasyon ak negosiyasyon kolektif la
- Baze sou refòm vòt ki adapte nan 10 premye semèn sesyon lejislatif la
- Envèsti 500 milyon dola anplis nan enfrastrikti dlo potab, ogmantasyon envèstisman istotik Eta a a 3 milya dola

## **JISTIS EKONOMIK**

**Rann Plafon Enpo Fonsye Pèmanan an Reyalizab:** Ak adopsyon pwojè lwa istorik sa a, enklizyon limit sou enpo lokatif 2 pousan ki pèmanan an nan Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an pral ajoute sou 25 milya dola anviwon nan lajan ekonomi kontribiyab yo depi lè Gouvènè a te mete limit lan sou pye an 2012.

**Kontinye ak Miz An Aplikasyon Rediksyon Enpo pou Klas Mwayèn nan:** Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. Sou refòm sa yo, to yo pral kontinye bese rive 5.5 pousan ak 6 pousan lè yo fin mete rediksyon an plas konplètman - yon rediksyon jiska 20 pousan nan to enpo revni pou klas mwayèn nan - epi pwodwi yon 4.2 milya dola ke yo prevwa nan ekonomi anyèl yo pou sis milyon aplikan jiska 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to pou enpi ki pi ba pou klas mwayèn lan nan Eta a nan plis pase 70 ane.

**Pwolonje Enpo Milyonè a:** Pou pwoteje pwogrè ki te fèt nan amelyorasyon pwogresivite ak ekite fiskal pou klas mwayèn New York la, yon pwolonjman senk ane

nan to enpo aktyèl milyonè yo pral prezève anviwon 4 milya dola nan premye ane pwolonjman an epi pral ogmante chak ane apres. Revni apati enpo milyonè yo pral founi revni kote si li te fèt yon lòt fason pa t ap disponib pou fè envestisman vital nan edikasyon ak enfrastrikti pou garanti pwosperite ekonomik New York la alavni.

### **Konstwi Enfrastrikti 21èm Syèk**

**Refòm ak Finansman pou MTA:** Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 a enkli refòm MTA yo avèk nouvo seri finansman ki dedye yo bay MTA a.

#### *Refòm MTA yo*

Li egzije pou MTA devlope yon plan reyòganizasyon anvan mwa Jen, li modifye nominasyon nan Komite MTA a pou aliye avèk otorite yo ap nome yo, li egzije MTA a lanse yon odit jidisyè endepandan ak revizyon sou efikasite, li mande pou yo gen yon inite revizyon konstriksyon majè ki konpoze pa ekspè ekstèn yo pou revize pwojè majè yo, l ap mete sou pye yon evalyasyon bezwen kapital sou 20 ane k ap kòmanse an 2023, l ap ogmante limit apwovizyonman konpetitif la soti 100,000 dola rive 1 milyon dola, l ap etabli yon avi revizyon 30 jou pou apwobasyon kontra kontwolè yo, epi li egzije rapò piblik sou metrik pèfòmans MTA yo. Pwojè a pral egzije pou nenpòt manm nan Komite Revizyon Pwogram Kapital la (Capital Program Review Board) ki pa apwouve plan kapital MTA a voye yon lèt eksplikasyon alekri pou vòt kont yo a, epi bay MTA opòtinite pou reponn ak revize plan an pou manm nan kapab retire vòt kont lan. Epiou bidjè a pral pèmèt MTA retire nenpòt antrepriz ki depase 10 pousan montan depans oswa tan pou kontra a nan yon pwojè konstriksyon kapital. Bidjè yo Adopte a mande pou nenpòt pwojè kapital MTA ki koute plis pase 25 milyon dola yo itilize modèl konsèp-konstriksyon an, ki ap ekonomize tan ak lajan MTA a.

#### *Finansman pou MTA*

- **Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral:** Finansman MTA a gen ladan yon pwogram Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral (Central Business District Tolling Program), ki se premye pwogram nan modèl li a nan nasyon an. Sa pral gen ladan enstalasyon materyèl gichè peyaj elektwonik yo sou perimèt Distri Biznis Santral la, ki defini kòm lari nan sid 60th Street ki nan Manhattan. Pwogram nan pral etabli, jere, epi metni pa TBTA, k ap travay de prè ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Vil New York la pou enstalasyon yo. TBTA pral etabli yon Komite Revizyon Mobilite Sikilasyon (Traffic Mobility Review Board) ki gen sis manm pou bay konsèy sou frè peyaj yo, egzansyon, ak kredi yo ke TBTA pral finalman detèmine sou baz sou rekòmandasyon Komite a. Frè peyaj yo pral varyab epi yo pral faktire veyikil pasaje yo yon fwa pa jou. Jou aplikasyon an p ap anvan dat 31 Desanm 2020. Pwogram gichè peyaj la pral byen itilize 15 milya dola a, ke yo pral dedidye a bezwen kapital MTA yo.
- Bidjè yo Adopte a ap kreye yon bwat trezò ki dedidye pou asire ke 100 pousan revni sa a ale nan bidjè kapital MTA a, epi li entèdi itilizasyon revni sa yo pou depans ki pa kapital yo.
- **Enpo pou Mansyon ki Pwogresif:** Pou ka rasanble resous pou MTA a, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an ap mete sou pye yon enpo pou

mansyon ki pwogresif ak yon pi gwo nivo 4.15 pousan ki konbine sou lavant pwopriyete ke yo evalye a 25 milyon dola oswa pi plis nan New York. Estrikti sa a ap pwomouvwa efikasite administrasyon fiskal sou pwopriyete modèn yo, ki ap rasanble 365 milyon dola ke yo pral depoze nan bwat trezò kapital Gichè Peyaj nan Distri Biznis Santral MTA a epi yo pral itilize yo pou sipòte jiska 5 milya dola nan finansman pou pwojè MTA yo. Nouvo pri yo ap antre an vigè nan dat 1ye Jiyè 2019.

- **Elimine Avantaj Taks sou Intènèt la:** Bidjè yo Adopte a pral bay yon rezo ki konsistan pou fè kòlèk enpo lavant ki nesèsè yo pou founisè ki sou espas mache entènèt yo, ke yo prevwa pral jenere chak ane 160 milyon dola nan nouvo revni pou gouvènman lokal yo ak 320 milyon dola pou bwat trezò plan kapital MTA a, ki ap sipòte jiska 5 milya dola nan finansman MTA a. Magazen vant an detay brik ak mòtye New York yo genyen yon dezavantaj paske anpil nan konpetitè vant an detay sou entènèt yo p ap kolekte taks sou lavant yo. Tretman inegal sa a pa jis pou revandè ki kolekte taks sou lavant, kliyan ki peye pou taks sou lavant, piblik la an jeneral k ap renonse ak revni lokal epi Leta a, ak moun ki depann de yon sèvis piblik revni sa yo sipòte. Pwozisyon sa a asire ke machann andeyò eta a pa benefisye yon avantaj pri parapò ak kominote vant an detay Eta nou an.

### **Investisman 150 Milya Dola Anplis nan Pi Gwo Pwogram Enfrastrikti Nasyon an:**

Konfòmeman ak angajman san presedan Gouvènè Cuomo a pou envèsti 150 milya dola nan pwojè enfrastrikti pandan senk pwochen ane yo, k ap kòmanse nan Egzèsis Fiskal 2020 an, pwojè imobilizasyon sa yo ap kòmanse ak rekonstriksyon sistèm transpò a, ankouraje devlopman ekonomik, kreye nouvo enstalasyon vèt epi soutni lavni enèji diraj New York la.

### ***Kontinye ak Estrateji Soti Anba Monte Anlè pou Devlopman Ekonomik New York***

**Investi 750 Milyon Dola pou Nevyèm Faz Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils, REDC):** Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pou devlope plan devlopman ekonomik stratejik alontèm. Depi lè sa a, REDC yo te akòde 6.1 milya dola bay plis pase 7,300 pwojè. Nouvo estrateji sa a te mennen 230,000 nouvo oswa travay yo te konsève nan New York. Bidjè yo Adopte la gen ladan l finansman pou kapital ak kredi taks prensipal yo ki pral konbine ak yon bann varyete pwogram ki egziste deja nan ajans yo pou nevyèm faz sibvansyon REDC te akòde a ki vin antou 750 milyon dola.

**Investi nan Kominote yo Atravè Eta a Apati Katriyèm Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative):** Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochen jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Dis REDC Eta yo baze sou potansyèl transfòmasyon sant vil sa yo pou yo nonme kominote k ap patisipe yo. Atravè twa faz prim yo, yo te bay chak kominote gayan yo 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman stratejik pou sant vil yo epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon pou revitalizasyon kominote a. Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen ladan 100 milyon dola pou yon katriyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la.

**Konstwi yon Baz Done pou Pwojè Devlopman Ekonomik ki Dinamik, ak Fasil pou Moun Itilize:** Nan yon efò pou yo ogmante transparans epi modènize enfòmasyon ki disponib sou efò Devlopman Ekonomik Eta a ap fè yo, Gouvènè a ap bay Empire State Development (ESD) lòd pou yo konstwi epi yon baz done ki kapab moun kapab jwenn sou entènèt ki pral bay piblik la enfòmasyon ki pi resan ak pi apwopriye sou pwojè ki resevwa asistans ESD a.

### ***Asire Yon Bon Jan Kalite Edikasyon pou Tout Moun***

**Ogmante Finansman ak Ekite pou Edikasyon:** Yon ogmantasyon plis pase 1 milya dola èd pou edukasyon pral pote èd total edukasyon yo nan yon rekò 27.9 milya dola, ak plis pase 70 pousan finansman ogmante ki pral jwenn distri ki pi pòv yo. Anplis, nouvo egzijans sou kesyon rapò pral pèmèt nou korije dezekilib nan distribisyon resous yo pandan n ap priyore finansman an nan nivo chak lekòl pou pwomouvwa yon sistèm edikatif ki pi transparan ak pi ekkitab.

**Ogmante Finansman pou Yon Pi Bon Edikasyon:** Bidjè yo Adopte la founi yon ogmantasyon 208 milyon dola nan finansman oswa yon pi bon edukasyon nan New York, ki mennen yon sipò total a prèske 7.7 milya dola - yon ogmantasyon 1.7 milya dola oswa 28 pousan depi Ane Fiskal 2012 la. Envestisman sa gen ladan 1.2 milya dola pou pwogram estratejik yo pou fè inivèsite yo vin pi abòdab, epi ankouraje pi bon etidyan ak sa ki pi briyan yo konstwi avni yo nan New York.

**Fè Lwa DREAM Jose R. Peralta a vin yon Reyalite:** Adopte pou premye fwa pa Kò Lejislatif lan nan kòmansman ane sa a, Bidjè yo Adopte a ap mete sou pye epi finanse totalman Lwa DREAM Jose R. Peralta a pou 27 milyon dola.

**Elaji Elajibilite pou Pwogram Frè Ansèyman Gratis Bous Etid Excelsior a:** Pandan pwogram gratis eskolè Eta antre nan twazyèm ane l, etidyan ki gen fanmi yo k ap rantre jiska 125,000 dola chak ane yo pral elijib kounyeya pou aplike pou pwogram nan, sa k ap pèmèt plis pase 55 pousan etidyan aplentan SUNY ak CUNY nan eta a,—oswa plis pase 210,000 rezidan New York—Swiv kou inivèsite yo gratis si yo benefisyè asistans TAP a.

**Elaji Lekòl Pre-Matènèl Inivèsèl:** Bidjè a gen ladan yon envestisman 15 milyon dola anplis nan lekòl pre-matènèl yo pou elaji bon jan kalite enstriksyon lekòl pre-matènèl yo ki dire mwatye jounen ak jounen konplè pou 3,000 timoun ki gen laj twa ak kat ane ki nan distri lekòl ki gen gwo bezwen yo, k ap sèvi yon total ki plis pase 123,000 elèv.

**Elaji Pwogram Aprè Lekòl Empire State la (Empire State After-School Program):** Pou yo ka asire yo bay chak timoun ki bezwen yon kote ki an sekirite pou yo ale apre lekòl lage, Bidjè yo Adopte a gen ladan 10 milyon dola anplis pou kreye 6,250 espas anplis nan kominote ki gen gran bezwen toupatou atravè eta a. Fon sibvansyon ane sa a pral priyore zòn ki gen anpil aktivite gang yo, epi yo pral konsantre yo sou sèvis y ap ofri elèv sanzabri yo ak lòt elèv ki gendwa pa gen yon kote ki an sekirite pou yo ale apre lekòl yo lage. Kreyasyon nouvo kreno siplemantè pral mennen kantite total etidyan yo sèvi yo a 80,000.

**Rekrite 250 Nouvo Pwofesè nan Zòn Ki Gen Mank yo atravè Pwogram "We Teach NY" la:** Pou reponn ak mank aktyèl pwofesè de koulè nan Eta a, Bidjè yo Adopte la founi 3 milyon dola pou rekrite ek prepare yon kò 250 kandida pwofesè eksepsyonèl ki de koulè epi ki pral travay nan domèn ki genyen gwo bezwen yo.

**Elaji Pwogram Mètriz Pwofesè yo:** Baze sou Pwogram Mètriz Gouvènè a pou Pwofesè yo—ki te resevwa plis pase 50 milyon dola pou plis pase 1,000 pwofesè—Bidjè a bay 1.5 milyon dola pou finanse yon gwoup pwofesè mètriz anplis ak yon gwo kantite woulman oswa mank eksperyans pwofesè yo.

**Elaji Aksè ak Kou Avanse yo:** Bidjè yo Adopte la enkli 5.8 milyon dola pou sibvansyone frè egzamen Plasman Avanse ak Bakaloreya Entènasyonal pou elèv ki pòv yo pou tout elèv k ap travay di yo kapab genyen aksè ak kou avanse yo. Anplis, bidjè a enkli 1.5 milyon dola pou kreye kou avanse nan distri eskolè yo kote pa genyen menm oswa pa genyen anpil kou avanse yo.

**Pwoteje Moun Ki Fè Prè Etidyan yo:** Bidjè yo Adopte a enkli pwoteksyon radikal ki akòde pa sosyete jesyon lisans yo ki jere prè pou etidyan ke Nouyòkè yo kenbe a epi egzije yo respekte prensip ki konfòm ak lwa ak règleman lòt pwodwi prè enpòtan yo. Pwopozisyon Gouvènè a pral asire ke okenn ajans prè etidyan pa ka twonpe yon moun k ap fè prè oubyen angaje nan aksyon oubyen pratik eksplwatasyon, mal-aplike pèman, bay ajans evalyasyon kredi yo enfòmasyon ki korèk, oubyen patisipe nan okenn lòt pratik ki ka nwi moun k ap fè prè a.

### ***Kreyasyon Opòtinite Ekonomik pou Chak Moun New York***

**Lanse Inisyativ Mendèv 175 Milyon Dola a:** Bidjè yo Adopte la sipòte yon evèstisman 175 milyon dola ak yon nouvo Plikasyon Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application) pou envèstisman mendèv ki pral sipòte efò rejyonal estratejik ki reponn ak bezwen medèv akoutèm biznis yo, amelyore liy ravitayman talan rejyonal yo, elaji aprantisaj yo, epi abòde bezwen alontèm endistri k ap devlope yo — ak yon fokis patikilye sou domèn k ap emèje ki gen demann k ap ogmante pou travay tankou enèji pwòp, teknoloji sante, ak syans enfòmasyon. Fon sa yo pral sipòte tou efò ki ap fèt pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn moun, ak lòt popilasyon yo ki ap fè fas a obstak konsiderab pou avansman karyè yo.

**Elaji Opòtinite Fòmasyon ki Santre sou Patwon Travay yo apati Ranfòsman Pwogram Motivasyon Fòmasyon Anplwaye a (Employee Training Incentive Program, ETIP):** Bidjè yo Adopte Pwogram Motivasyon Fòmasyon Anplwaye a pou bay plis opsyon fòmasyon yo pou plis endistri yo nan pèmèt patwon travay yo gen magazen fòmasyon ki dedye pou atire ekspètiz adomisil nan bay fòmasyon ki apwouve, epi apati ekspansyon kredi fiskal ETIP yo pou opòtinite estaj yo nan endistri gwo teknoloji adisyonèl yo.

**Elaji Pwoteksyon pou Fanm Saj yo:** Bidjè yo Adopte la ap bay nouvo pwoteksyon pou sendika sektè piblik yo epi li ale pi lwen nan elaji pwoteksyon Janus yo pou tout gouvènman lokal yo ki nan New York epi nan garanti dwa pou yo òganize yo epi negosye yon fason kolaboratif.

**Elaji Aksè pou Founisè Medikal pou Travayè ki Blese yo:** Pou ogmante kantite ak kalite pwofesyonèl medikal k ap bay travayè ki blese yo swen, redwi frè ak dire yo prevwa pou swen yo epi pou pi byen sèvi travayè ki blese nan travay yo, bidjè a ajoute twa nouvo tip pwofesyonèl medikal antanke founisè swen nan sistèm konpansasyon travayè yo: enfimyè pratisyen, akonponktè, ak travayè sosyal ki otorize yo. Lè yo pèmèt travayè sosyal ki sètifye ak enfimyè pratisyen nan sikyatri pou trete travayè yo, sa pral ogmante konsiderableman resous nan sante mantal, pandan y ap founi resous ki vrèman nesèsè pou popilasyon vilnerab la. Epitou li siprime yon obstak pou opsyon tretman pou travayè blese k ap souffri de depandans ak opyoyid (Opioid) al lòt pwoblèm sante mantal.

### ***Asire Aksè ak Lojman ki Abòdab epi Konbat Povrete***

**Mentni Inisyativ nan kesyon Lojman Abòdab ak Inisyativ pou Sanzabri pou 20 Milya dola a:** Bidjè a ap pouswiv envèstisman 20 milya dola a sou senk ane nan lojman ki abòdab, lojman avèk sèvis sipò ak sèvis ki lye, pou founi Nouyòkè yo yon lojman sèten epi ki sekirize. Envèstisman sa a ap kreye epi ap prezève plis pase 100,000 inite lojman ki abòdab avèk 6,000 lojman inite lojman ki favorab. Finansman an enkli 3.5 milya dola nan resous an kapital, 8.6 milya dola kredi enpo ak lòt kredi, ak 8 milya dola pou soutni fonksyonman sant sanzabri, lojman ki favorab ak sibvansyon lojman.

**Adopte Pwoteksyon Sous Revni yo pou Sipòte Lojman Ekitab pou Tout Moun:** Nan kèk pati nan Eta New York, pwopriyetè kay yo ka rejte aplikan baze sou sous revni legal yo, sa ki ap afekte yon fason dispwopòsyone fanmi ki depann sou asistans revni ki pa salè oswa asistans revni yo, ak sila yo ki ap itilize kupon yo pou ka jwenn lojman pou fanmi yo. Bidjè a amande Lwa Dwa Moun Eta New York la (New York State Human Rights Law) pou entèdi diskriminasyon ki baze sou sous revni legal atravè eta a pou asire revni legal sa a pa yon gwo baryè pou lojman, sa k ap redwi enstabilite finansye pou moun New York ki pi vilnerab sou plan ekonomik yo.

**Sipòte Kominote ESPRI yo:** Bidjè yo Adopte la founi 4.5 milyon dola pou kontinye sipòte 16 kominote yo nan Inisyativ rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI). Finansman sa a pral asire ke tout sèz vil yo kontinye founi sèvis nan kominote yo atravè ane fiskal k ap vini an.

### ***Sipòte Ekonomi Riral ak Agrikòl lan***

**Kontinye ak Revitalization Pak Atraksyon Eta New York yo (Great New York State Fairgrounds):** Fwar Eta a atire 100 milyon dola nan yon ane nan aktivite ekonomik nan New York Santral ak plizyè milye travay. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te investi plis pase 120 milyon dola nan de faz sou twa dènye ane yo pou ka refè Espas Tèren Fwar Eta New York yo. Pou pouswiv transfòmasyon Pak Atraksyon Eta a, Bidjè yo Adopte la enkli 5 milyon dola kredi, yon ogmantasyon de 2.5 milyon dola pa rapò ak Egzèsis Fiskal 2019 la. Finansman sa a pral itilize pou reparasyon ak reyabilitasyon etablisman Aktrasyon yo epi pèmèt fonksyonman Pak Atraksyon yo pandan tout ane a, Enkli Sant Ekspozisyon an.

**Finanse Pwogram Kle yo pou Sipòte Fèmme New York yo:** Bidjè yo Adopte la enkli 33.2 milyon dola nan kredi asistans lokal ki pral finance pwogram èd teknik espesyalize

a, pwomouvwa endistri, epi envèsti nan rechèch pou redwi ekspozisyon eksplwatasyon yo ak enkoyeans ekonomik ak klimatik nan tout eta a.

## **JISTIS SOSYAL**

### ***Pwopoze Jistis Kriminèl Pou Tout Moun***

**Refòm Jistis Kriminèl:** New York ap kontinye ak angajman li te pran pou gen yon sistèm jistis krimèl ki pi ekitab ak enklizyon refòm nou pral site la yo nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an:

- **Refòme Kosyon ak Pwosedè Arestasyon yo Pou Redwi Anprizònman Prevantif:** Nan kad lejislasyon revolisyone nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an, sistèm kosyon New York la pral transfòme dramatikman, sa ki ap redwi yon fason konsiderab kantite moun ki anprizone avan jijman yo. Pi prezizeman, yo pral elimine kosyon ak lajan kach yo pou deli minè yo ak enfraksyon ki pa vyolan yo, ansanm ak yon nouvell obligasyon pou ke ofisyè lapolis yo bay tikè konparisyon nan biwo yo bay laplipa moun ke yo akize pou deli minè ak enfraksyon Klas E yo, olye de fè yon arestasyon prevantif. Ansanm, refòm sa yo pral asire gwo majorite- apeprè 90 pousan - nan ka kote moun yo akize, men poko kondane pou yon krim, ap rete andeyò prizon avan jou pa yo nan tribinal.
- **Asire Dwa a yon Jijman Akselere:** Malgre prensip ki garanti nan Konstitisyon Etazini ak Lwa Eta yo, dwa yon akize kriminèl pou yon jijman akselere kapab – epi sa rive souvan - tounen yon pwosesis ki long anpil sa ki mennen a moun ki nan detansyon prevantif, pou yon peryòd tan eksèsif. An mwayèn, de tyè nan moun ki nan prizon lokal yo atravè eta a yo senpleman arete ap tann jou pa yo nan tribinal. Reta sa yo fè yon enpak reyèl paske moun, ke yo poko jwenn koupab de okenn move zak, souvan pèdi travay yo ak lyen yo nan kominote a. Pou adrese enjistis sa a epi redwi rejis dosye kriminèl yo, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an enkli lejislasyon ki egzije tribinal yo pou ogmante responsablite yo pandan ke y ap redwi reta ki pa nesèsè yo epi asire ke tout pati yo prepare pou jijman an.
- **Transfòme Pwosesis Dekouvèt lan:** Pou remanye pwosesis dekouvèt antikite New York lan ki pèmèt pwokirè yo retire evidans bazik yo jiska jou lè jijman an kòmanse a, pwojè lwa a ki enkli nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an pral mande pou toulède pwokirè yo ak moun yo akize yo pataje tout enfòmasyon ki an posesyon yo byen alavans jijman an. Yo pral pèmèt moun ki akize yo tou gen opòtinite pou revize kèlkeswa evidans ki an posesyon pwosè a anvan yo plede koupab pou yon krim. Yo pral egzije pwokirè yo pou founi defans lan ak enfòmasyon ak materyèl ki kapab dekouvri nan yon delè 15 jou apre lekti akizasyon yo. An plis, pwojè lwa a pral asire ke viktim yo ak temwen yo pwoteje kont entimidasyon ansanm ak lòt fòm kontrent yo nan bay pwokirè yo kapasite pou fè pètisyon devan yon tribinal pou jwenn òdonans pwotektis, pwoteje enfòmasyon sou idantifikasyon yo lè sa nesèsè pou asire sekirite temwen yo ak sentete pwosè jidisyè a.



**Pote Transparans ak Responsabilite nan Konfiskasyon Byen Sivil:** Konfiskasyon byen sivil se pwosesis kote otorite yo konfiske lajan oswa pwopriyete ke yo kwè ke moun te jwenn atravè metòd ilisit yo oswa kòm yon fason pou yo bay viktim yo restitasyon. Pou kontinye efò Gouvènè a pou restore konfyans nan sistèm jistis kriminel nou an, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an pral egzije ke tout byen ki sezi dwe konsève nan yon kont ki siveye e administre yon fason endepedan nan ki yo dwe konsève rejis detaye konsènan chak dekesman. Yo pral entèdi tou pou fòs lapolis bloke lajan yon moun pandan yon pouswit amwenske ke yo ka montre yon koneksyon ant lajan sa a ak swadizan konpòtman ilisit la.

**Ogmante Konfyans Piblik Nan Ajans Fòs Lapolis New York yo:** Rekonèt ke relasyon pozitif ant lapolis ak kominote yo enpòtan pou kreye yon New York ki pi an sekirite, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen ladann refòm a politik pou itilize-fòs ak fè rapò. Espesyalman, lejislasyon sa a pral egzije kounye a pou ke ajans fòs lapolis yo gen yon politik pou itilize fòs, avèk yon estanda minimum, aplike epi rapòte tout ensidan kote yo itilize fòs yo, patikilyèman ensidan ki lakòz lanmò oswa blesi grav yo. Mezi sa yo pral asire ke polis ak ofisyè Lapè New York yo kenbe pi gwo estanda pwofesyonalis yo epi ogmante konfyans piblik la nan fòs lapolis la.

**Transfòme Itilizasyon Izòlman Solitè yo nan Prizon Leta yo:** Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te drastikman fè refòm epi li te redwi itilizasyon izòlman solitè yo pou moun ki angaje nan move kondwit yo nan prizon leta yo. Avèk itilizasyon finansman ki bay nan Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an, Gouvènè an ap mande Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision) pou Kontinye dinamis refòm izòlman solitè a apati devlopman limitasyon kantite tan moun pase an separasyon, agrandi kay lojman ki dedike pou reyabilitasyon ak entegrasyon apre yon sanksyon disiplinè, epi amelyore pwogramasyon terapetik yo pou ranfòse konpòtman ki pozitif sosyal.

**Adopte yon Pake Reyentegrasyon Global pou Amelyore Rezilta yo pou Moun Ki Te Anprizone Anvan sa yo:** Moun ki gen kondanasyon kriminel yo ap fè fas a gwo baryè ekonomik ak sosyal pou reyentegrasyon reyisi yo nan sosyete a. Bidjè Ane Fiskal 2020 an gen ladann lwa pou elimine entèdiksyon jeneral pou yon lisans pwofesyonèl yo; retire sis (6) mwa obligatwa sispansyon lisans chofè pou ofans dwòg obligatwa a; amwens ke krim nan te enkli kondwi; anpeche piblikasyon foto idantite ki pa gen rapò espesifik ak aplikasyon lalwa; modènize rapò kriminel pou anpeche yo itilize enfòmasyon sou arestasyon ki pase yo kont yon moun pou rezon sivil, tankou travay, lojman, ak akreditasyon; epi rann li ilegal pou fè diskriminasyon lojman ki baze sou yon arestasyon ki pa mennen a yon kondanasyon.

**Fèmèn Prizon Eta Adisyonèl:** Apre diminisyon san presedan popilasyon prizon an, bidjè Ane Fiskal 2020 an otorize Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè yo fèmèn jiska twa prizon nan yon kalandriye akselere. Byenke finalman, sa a pral depann de etablisman seleksyone yo, estime ke fèmèn sa yo pral elimine omwen 1,200 kabann epi sa ap lakòz eta ekonomize omwen 35 milyon dola. Fèmèn sa yo ranfòse pozisyon New York antanke eta ki gen to krim ak anprizònman ki pi ba, pami pi gran eta yo nan nasyon an.

**Adopte Refòm Moun ki Bezwen Sipèvizyon:** Avèk baz lejislasyon istorik Ogmante Laj la, Bidjè yo Adopte ane sa a ap kontinye refòm jistis pou jèn yo pandan l ap entèdi detansyon ak enpoze limit tan nan plasman rezidansyèl jèn ki bezwen sipèvizyon yo (Persons In Need of Supervision, PINS) yo. Yo pa akize jèn PINS yo de yon krim epi bidjè sa a mete aksan sou dispozisyon sèvis kominotè ki baze sou sèvis ki fèt pou kenbe jèn ki arisk yo pou yo pa antre nan sistèm jistis pou timoun ak granmoun yo.

### ***Pwopoze Jistis Repwodiktif ak Egalite Fanm yo***

**Envesti nan Inisyativ pou Konbat Mòtalite Matènèl:** Kòm pati nan Ajanda Gouvènè Cuomo pou Fanm yo, Bidjè a gen ladan li yon investisman 8 milyon dola pou de (2) an pou finanse inisyativ pou konbat mòtalite Matènèl lan, ki gen ladan li yon edikasyon konplè ak pwogram fòmasyon pou diminye inegalite rasyal nan enstitisyon swen sante yo atravè eta a; ekspansyon pwogram Sèvis Travayè Sante Kominote yo (Community Health Worker, CHW) nan kominote enpòtan yo atravè eta a; yon baz done inovatif pou bay enfòmasyon prèske reyèl sou mòtalite matènite ak mòbidite; ak yon Konsèy ekspè nan Depatman Sante pou fè yon analiz miltidisyèl pou verifye chak ka lanmò matènèl nan Eta New York epi pou devlope rekòmandasyon aktif pou amelyore swen ak jesyon.

**Agrandi Kouvèti pou Sèvis Fegondasyon In-Vitro yo:** Antanke yon pati nan Ajanda pou Fanm Gouvènè Cuomo a, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an egzije pou politik asirans gwo gwoup (anplwayè ki gen 100 anlwaye oswa plis aplentan) nan Eta New York bay kouvèti pou twa (3) sik fegondasyon in-vitro. Kouvèti sa a pwomouvwa swen sante rewodiktif ki san danje epi abòdab pandan l ap retire yon baryè chèn pou planin famiyal. Pwojè lwa a agrandi kouvèti tou pou prezèvasyon fètilite medikalman apwopriye.

**Agrandi Pwoteksyon kont Vyòl pou Viktim Trafik Seksyèl yo:** Lwa sou pwoteksyon viktim vyòl la bay viktim vyolans seksyèl yo pwoteksyon enpòtan pou anpeche yo itilize pwòp istwa pase seksyèl yo kont yo lè yo ap chache jistis devan yon tribinal. Bidjè ane sa a agrandi pwoteksyon sa yo pou viktim krim trafik seksyèl yo.

**Refòm Kondisyon Abri Vyolans Domestik yo:** Pou asire tout viktim yo gen aksè ak sèvis ijans endipansab san kondisyon yo, Bidjè Ane Fiskal 2020 an elimine dispozisyon legal ki mande viktim vyolans domestik yo pou aplike pou Asistans Piblik.

**Lanse Pwogram Inivèsite Kominotè Responsabilizasyon Fanmi an:** Rekonèt enpòtans edikasyon pou mete fen a "obstak ensimontab" a epi konble eka salè, New York pral finanse yon pwogram pilòt k ap ofri sipò pèsonalize bay paran selibatè ki enskri nan yon kanpis inivèsite kominotè SUNY oswa CUNY k ap patisipe nan pwogram lan yo. Pwogram inovatè sa a pral sipòte jiska 400 paran pa ane pandan twazan. Patrisipan yo pral resevwa gadri pou timoun yo sou kanpis la, konsèy akademik pèsonalize entansif, sipò pedagojik, ki gen ladan moun k ap bay yo leson, konsèy pwofesyonèl ak asistans pou ede yo fè tranzisyon ale nan yon inivèsite 4 tran.

### ***Kreye yon New York ki pi an Sekirite***

**Regilarize Limouzin yo:** Li ap adote nouvo règleman pou endistri limouzin nan ki ap fè li vin yon enfraksyon Klas E lè yon moun an tout konesans yo ap fè fonksyone yon

limouzin kote fonksyònman sa a ka lakòz lanmò yon lòt moun, sa ki ap kreye sanksyon sivil ki entansifye - ansanm ak pi gwo amann - poutèt yo ap fonksyone san pèmi fonksyònman Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a oswa vyole règleman sekirite DOT yo. An plis, Lapolis Eta a ansanm ak DOT pral gen otorite klè pou re pran lisans machin yo lè limouzin yo pa an konfòmite ak lalwa. Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles, DMV) pral kapab refize epi revoke anrejistremant pou limouzin yo ki pa reponn a estanda sekirite federal yo. Si yon veyikil ki pa gen otorizasyon ap chèche fè yon enspeksyon nan yon estasyon enspeksyon ki gen lisans, estasyon enspeksyon an pral gen egzijans kounye a pou yo rapòte veyikil sa a bay DMV. Yo pral sispann sètifika fonksyònman pou nenpòt estasyon enspeksyon ke yo dekouvri ki pa't byen bay enspeksyon yo pandan twa fwa nan yon peryòd 18 mwa. Yo pral entèdi limouzin ki long anpil yo vire an won. Yo pral egzije veyikil komèsyal ki gen yon kapasite pou gen ywit plas oswa pi plis pasaje yo pou yo pote plis asirans pou omwen 1.5 milyon dola nan kouvèti asirans yo.

### ***Pwomouvwa Demokrasi***

**Adopte Kalandriye Demokrasi a:** Li ap ajoute sou refòm vòt ke yo te adopte pandan 10 premye semèn yo nan sesyon lejislatif lan, pwojè lwa adisyonèl ki ap egzije twa èdtan lib ke yo peye pou tout moun New York yo ka al vote nan Jou Eleksyon yo, li ap adopte enskripsyon elektè yo sou entènèt, 14.7 milyon dola nan finansman pou liv sondaj elektwonik yo, epi li ap elaji orè pou moun vote yo nan rejyon nò a pou kòmanse a 6:00 a.m. ke yo ap adopte nan kad bidjè ane sa a, epi li gen ladan 10 milyon dola pou vòt antisipe yo.

**Sipòte yon Kontaj Resansman Ki Konplè:** Bidjè ane sa a ap otorize jiska 20 milyon dola pou Ane Fiskal 2020 an pou efò sansibilizasyon ak edikasyon yo pou asire ke yo konte tout moun New York yo nan kad resansman an.

### ***Refòm Finansman Kanpay***

**Mete Sou pye Finans Kanpay Piblik:** Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an ap etabli yon komisyon finansman piblik ki pral gen pouvwa kontrenyan pou mete sou pye finansman kanpay piblik pou biwo lejislatif ak biwo atravè Eta yo, ki ap otorize jiska 100 milyon dola chak ane nan fon piblik yo. Komisyon an pral detèmine aspè espesifik sistèm finansman piblik lan, ansanm ak limit pou elijibilite yo, limit finansman piblik yo, ak limit kontribisyon yo pou kandida ki ap patisipe yo. Yo pral gen pou revele dekouvèt komisyon an nan yon rapò ke yo ap bay anvan dat 1ye Desanm 2019, epi yo pral kontrenyan amwens ke yo modifiye pa lwa a nan yon delè 20 jou.

### ***Garanti Dwa Imigran yo***

**Asire yon Sistèm Jistis ki Jis pou Imigran New York yo:** Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen yon mezi bon sans pou pwoteje imigran yo kont depòtasyon aprè yon entèksyon minè avèk sistèm jistis kriminel lan. Anba lwa federal la, yo kapab depòte nenpòt imigran ki kondane pou yon krim ke yo ka pini ak yon santans yon (1) ane oswa plis. Depòtasyon sa ka fèt menm si endividi a finalman resevwa yon santans ki mwens sevè. Pou pwoteje imigran yo kont pinisyon eksèsif ki pa fè anpil pou pwoteje sekirite piblik la, mezi sa a diminye santans maksimòm pou deli minè yo pa yon (1) jou

soti nan 365 a 364 jou. Yon (1) jou sa a ap garanti ke imigran yo genyen dwa a pwoteksyon ke yo merite yo epi anpeche depòtasyon ki pa jistifye.

**Bay Sèvis Jiridik a Kominote Imigran New York la:** Bidjè yo Adopte a bay 10 milyon dola pou sipòte ekspansyon Pwojè Defans Libète (Liberty Defense Project, LDP) ki se premye nan nasyon an. Etabli an 2017, Pwojè Defans Libète a bay plis pase 25,000 sèvis jiridik enpòtan a imigran ak kominote yo ki se viktim politik imigrasyon federal sevè yo. Ekspansyon LDP a gen ladan Pwojè Pòt an Ò a (Project Golden Door), ki pral ofri timoun ak fanmi imigran nan New York la yo sèvis enpòtan yo bezwen yo, ak pwogram Repons Rapid Onivo Rejyonal la (Regional Rapid Response) pou yo ka reponn rapidman ak sèvis jiridik efikas yo gen sou tèren an yo, ki gen ladan sèvis yo ofri an repons a desant sibèl ak arestasyon abitrè ICE ap fè yo. Amelyorasyon sa yo ap ajoute sou rezo sèvis patnè LDP aktyèl yo ap ofri aktyèlman yo epi y ap kreye garanti legal ki pi inifòm pou imigran toupatou atravè eta a yo, patikilyèman nan kominote defavorize yo.

## **JISTIS POU TOUT NOUYÒKÈ**

***Pwoteje Bon Jan Kalite Swen Sante nan yon Pri Abòdab:***

**Kodifye Lwa sou Swen Abòdab lan (Affordable Care Act) ak Echanj Sante a pou Vin Lwa:** Pandan Washington ap kontinye menase detwi pwogrè istorik ke nou te fè ak Lwa sou Swen Abòdab lan (Affordable Care Act, ACA), kodifikasyon pwovizyon ACA kle yo ak Echanj Sante Eta New York lan (New York State Health Exchange) pou vin lwa pou asire ke kèlkeswa sa ki rive onivo federal, pwovizyon kle sa yo pwoteje nan Eta New York.

***Lite pou Mete Fen nan Epidemi Opyoyid la***

**Agrandi Aksè a Biprenòfin:** Biprenòfin se yon avansman enpòtan nan Tretman Alèd Medikaman yo (Medication Assisted Treatment, MAT), ki, menm jan ak metadòn ak naltreksòn enjektab la, yo itilize l melanje ansanm ak konsèy sikolojik kòm yon mwayen apwopriye pou ede moun atenn epi mentni rekiperasyon yo soti nan Twoub Izaj Opyoyid (Opioid Use Disorder). Pou agrandi itilizasyon biprenòfin lan, Gouvènè Cuomo pral bay Depatman Sante a lòd pou yo egzije tout lopital nan eta a yo devlope pwotokòl pou Depatman Ijans yo abòde pwoblèm Twoub Izaj Opyoyid la sou baz nòm swen pou tretman oswa referans pou tretman ki an vigè yo. Bidjè yo Adopte a entèdi tou plan sante yo egzije otorizasyon preyalab pou Tretman Alèd Medikaman.

**Agrandi Aksè a Tretman Alèd Medikaman yo nan Milye Jistis Kriminèl yo:** Bidjè yo Adopte a gen ladan li 4.75 milyon dola, yon ogmantasyon de 1 milyon dola, pou sipòte tretman alèd medikaman (MAT) nan prizon lokal yo epi byen itilize fon federal yo pou agrandi MAT nan twa (3) lòt etablisman Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè. Pwogram efikas sa yo pral sipòte prizonye ki ap rekiper yo epi mete yo an kontak ak sèvis ki baze sou kominote yo anvan yo lage yo, sa ki ap ogmante chans siksè yo ak redwi residivis.

**Fè Tretman Twoub Itilizasyon Sibstans Plis Aksesib:** Bidjè yo Adopte a fè tretman plis aksesib ak abòdab pa egzije estanda minimòm kouvèti plan sante yo; entèdi refi

tretman ki nesese sou plan medikal yo; entèdi plizyè ko-peman pa jou epi egzije ke ko-peman sante konpòtmantal yo egal ak ko-peman swen sante primè yo. Chanjman sa yo elimine fado administratif ak depans ki ka bloke tretman pou moun New York yo k ap lite ak depandans.

### ***Kreye Kominote ki an Bòn Sante***

**Mezi pou Redwi Itilizasyon Tabak Jèn Yo:** Nan yon efò pou diminye itilizasyon tabak jèn New York yo epi bay plis règleman pou endistri a, Bidjè yo Adopte a pral entwodwi yon taks sou sigarèt elektwonik epi egzije pou se sèlman detayan ki gen lisans yo ki pou vann sigarèt elektwonik.

**Investi nan Sipò Kominotè pou Moun New York k ap Vyeyi yo:** Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen ladan li yon investisman 15 milyon dola pou adrese bezwen yo idantifye lokalman nan Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la (New York State Office for the Aging, NYSOFA) ki vize pou kenbe moun nan kominote yo pi lontan, sipòte fanmi ak zanmi k ap pran swen yo, epi repòte depans Medicaid yo alavni ak entèvansyon sèvis mwens entansif pi bonè.

**Kreye Fon Tranzisyon Fanmi an Premye a:** 3 milyon dola Fon Tranzisyon Fanmi an Premye a a pral rantabilize fondasyon Federal ak prive pou yo pou bay konte yo ak ajans fanmi dakèy yo sipò pou agrandi kapasite lyen parante ak fanmi dakèy yo, pou ede Eta a konfòme li avèk chanjman ki pral fèt nan kondisyon fanmi dakèy federal yo.

**Sible Anpwazonman Pa Plon nan Timoun yo:** Bidjè yo Adopte a redwi nivo plon nan san timoun yo pou aksyon swen sante ak anviwònman a senk (5) mikwogram pou chak desilit. Aksyon sa a pral ede diminye ekspozisyon plon atravè Eta New York, ki espesyalman danjere pou timoun piti ke sèvo yo toujou ap devlope.

### ***Kontinye Lidèchip Anviwòmantal New York la***

**Agrandi Investisman Nan Enèji Renouvlab:** Kòm yon pati nan Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a, ajanda enèji pwòp ak travay k ap mennen nan nasyon an pral mete eta a sou chemen pou 70 pousan enèji renouvlab apati 2030 ak 100 pousan elektrisite ki san kabòn apati 2040, Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an agrandi wòl Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) pou bay kliyan li yo sèvis enèji renouvlab ak enèji efikas.

**Investi nan Dlo Pòtab Ki Pwòp:** Bidjè pou Ane Fiskal 2020 an pral investi yon 500 milyon dola adisyonèl nan enfrastrikti pou dlo pwòp yo, ki ap ajoute sou investisman 2.5 milya dola istorik Eta a.

**Entèdi Itilizasyon Sachè Plastik yo:** Bidjè yo Adopte a gen ladan pwojè lwa pou entèdi sachè plastik ke yo itilize yon sèl fwa yo ke yo te bay kliyan yo epi pèmèt konte ak vil yo fè tranzisyon nan yon frè senk (5) santim sou sachè papye yo, ak 40 pousan revni ki ap sipòte pwogram lokal yo pou ka achte sachè ke yo ka reyitilize pou konsomatè ki gen revni fèb ak revni fiks yo, ak 60 pousan revni ki ap sipòte pwogram ki nan Fon Pwoteksyon Anviwòmantal (Environmental Protection Fund) Eta yo.

**Renouvele Finansman Rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la:** Bidjè yo Adopte a gen ladan finansman rekò 300 milyon dola, ki se pi wo nivo finansman nan istwa pwogram nan.

**Lanse Nouvo Pwogram Resiklaj Òganik:** Bidjè pou Ane Fiskal 2020 egzije pi gwo pwodiktè dechè manje eta a pou yo kòmanse resikle rès manje yo epi pou yo fè don manje sen yo a moun ki nan bezwen yo.

Nan 12 premye semèn sesyon lejislatif la, Eta New York te fè pwogrè istorik ak adopsyon reyalizasyon revolisyonè sa yo:

- Lwa Sou Sante Repwodiktif (Reproductive Health Act)
- Lwa sou Kouvèti Kontrasepsyon Global lan (Comprehensive Contraception Coverage Act)
- Pwojè Lwa Siyal Alam lan (Red Flag Bill)
- Te Entèdi Bump Stock yo
- Te Pwolonje Peryòd Datant Pou Verifikasyon Antesedan Kriminèl yo
- Te Lanse Nouvo Akò Ekolojik la
- Te elimine Echapatwa LLC yo
- Te Senkwonize Eleksyon Federal ak Eta yo
- Pre-anrejistreman pou minè
- Vòt Antisipe
- Transfè Anrejistreman Inivèsèl
- Te Pwopoze Vòt Pa Korespondans San Eskiz
- Te Pwopoze Pou Moun Enskri Menm Jou Eleksyon an
- Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act)
- Lwa sou Non-Diskriminasyon Poutèt Ekspresyon Sèks la (Gender Expression Non-Discrimination Act)
- Te Entèdi Terapi Konvèsyon
- Te Entèdi Pòno Revanj
- Lwa sou Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo (Domestic Violence Survivors Justice Act)
- Ranfòse Pwoteksyon Pou Alètman nan Milye Travay

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)